

WE ARE YOUR DOL



Biwo Divèsite, Ekite, Enklizyon ak Aksè

Avi konsènan Lwa sou Ameriken ki gen Andikap

Konfòmman ak egzijans Tit II Lwa 1990 Ameriken ki gen Andikap ("ADA") a, Ministè Travay Eta Nouyòk p ap fè diskriminasyon kont moun ki andikape ki kalifye pa rapò ak andikap yo nan sèvis, pwogram oswa aktivite li yo.

Travay: Ministè Travay Eta Nouyòk pa fè diskriminasyon sou baz andikap nan pratik rekritman oswa travay li yo epi li konfòme l avèk tout règleman Komisyon Opòtinite Anplwa Egal Etazini dekrete nan tit I ADA a.

Kominikasyon Efikas: Ministè Travay Eta Nouyòk jeneralman pral, sou demann, bay èd ak sèvis ki apwopriye pou bonjan kominikasyon efikas pou moun ki gen andikap ki kalifye pou yo ka patisipe menm jan ak tout moun nan pwogram, sèvis ak aktivite Ministè Travay Eta Nouyòk ak entèprèt lang siy ki kalifye, dokiman an Bray, epi ofri lòt fason pou rann enfòmasyon yo ak kominikasyon yo aksesib pou moun ki gen andikap lapawòl, ekout oswa vizyon.

Modifikasyon nan Règleman ak Pwosedi yo: Ministè Travay Eta Nouyòk pral fè tout modifikasyon ki rezonab nan règleman yo ak nan pwogram yo pou asire yo moun andikape yo gen opòtinite menm jan avèk tout moun pou yo jwi tout pwogram, sèvis ak aktivite li yo. Pa egzanp, moun ki gen sèvis pou bèt ap jwenn akèy nan biwo Ministè Travay NYS, menm kote ta gen entèdiksyon jeneralman pou bèt domestik.

Nenpòt moun ki bezwen yon èd oksilyè oubyen sèvis pou kominikasyon efikas, oswa yon modifikasyon nan règleman oubyen pwosedi pou patisipe nan yon pwogram, sèvis, oswa aktivite nan Depatman Travay Eta Nouyòk dwe kontakte Biwo Divèsite, Ekite, Enklizyon ak Aksè Depatman Travay Eta a., nan (518) 457-1984, pi vit posib; men pa pita pase 48 èdtan anvan evènman pwograme a.

ADA pa egzije Ministè Travay Eta Nouyòk pou pran aksyon ki pral chanje nati pwogram oswa sèvis li yo alabaz, oswa enpoze yon fado finansye san limit oswa yon fado administratif.

Plent ki montre yon pwogram, sèvis oswa aktivite Depatman Travay Eta Nouyòk lan pa aksesib pou moun ki andikape yo ta dwe voye yo bay Biwo Divèsite, Ekite, Enklizyon ak Aksè Depatman Travay Eta a nan (518) 457-1984.

Ministè Travay Eta Nouyòk pa pral mete yon chaj anplis sou yon moun patikilye ki andikape oswa nenpòt gwoup moun ki gen andikap pou kouvri depans pou bay èd/sèvis anplis oswa modifikasyon rezonab règleman, tankou rekipere objè nan yon lokal ki louvri pou piblik la men ki pa aksesib pou moun k ap itilize chèz woulant.